



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PWOPOZISYON POU RELYE HIGH LINE AK NOUVO MOYNIHAN TRAIN HALL LA NAN DISKOU SOU ETA LETA 2021 AN

Plan an pral pwolonje High Line nan pou kreye yon nouvo espas piblik epi fasilite sikilasyon apye nan katye Manhattan floris an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon pwopozisyon pou pwolonje High Line lan nan Manhattan pou pyeton yo kapab ale fasil sou chimen an wotè a soti nan [Moynihan Train Hall ki fèk ouvè a](#) nan Diskou sou Eta Leta 2021 an. Nan kad yon kolaborasyon piblik-privè, Brookfield Property Group pral mete tèt ansanm avèk Empire State Development, Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey), ak Zanmi High Line nan (Friends of the High Line) pou bati yon koneksyon an fòm L soti nan estasyon final High Line nan sou 10th Avenue ak espas piblik Manhattan West Brookfield la.

"Se pral rekonstriksyon ki gen plis anbisyon Vil New York wè depli plizyè deseni", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè ekonomi sektè prive a ralanti, gouvènman eta yo bati enfrastrikti epi pouse devlopman. Bèl Moynihan Train Hall la ouvè, renovasyon Penn Station nan ak pwojè pwolonjman High Line sa a ap kòmanse ane sa a. Koneksyon sa a fè pati yon rekonstriksyon Bò Lwès la nan tout distrik la ki pral fè mache prive a repati nan mond apre COVID la."

Selon pwopozisyon Gouvènè a, pwojè a pral pwolonje High Line ki la deja a nan direksyon lès nan kafou 10th Avenue ak 30th Street la sou Dyer Avenue pou fè li rive nan mwaye blòk ki nan mitan 9th Avenue ak 10th Avenue, kote li pral vire nan direksyon nò epi konekte nan espas piblik ki nan wotè a. Apre sa espas piblik la ap fini sou 9th Avenue dirèkteman anfas antre Building Farley a ak nouvo Moynihan Train Hall la.

Pwolonjman estratejik High Line lan nan kote sa yo non sèlman kreye yon nouvo espas piblik men li okipe sa k ap trakase kominote a tou nan zafè kote pou pyeton yo pase ant Penn Station ak Hudson Yards ak zòn anviwonan yo. Lwès Santrevil la ap kontinye transfòmasyon li an yon katye komèsyal ak rezidansyèl floris nan Manhattan. High Line se pak an wotè ki pi popilè a nan New York, epi pwolonjman li an pral ofri pasaj san danje pou anplwaye, rezidan, ak touris k ap navige nan zòn pwospè sa a.

Se premye faz de pwolonjman yo planifye nan High Line nan ki pral kreye koneksyon ki pi adapte pou pyeton epi ki ofri plis sekirite nan Lwès Santrevil la, soti nan nouvo

Moynihan Train Hall la rive jis nan Pier 76 nan Hudson River Park. Dezyèm faz la pral pwolonje bout nòdwès High Line nan, ki kounye a fini nan kafou 34th Street ak 12th Avenue, nan direksyon nò depase Sant Javits la anvan li vire alwès pou travèse West Side Highway epi fini nan Pier 76, pwochen gran waf piblik la nan Hudson River Park.

Asosye Direktè Brookfield Property Group la Ben Brown te deklare, "Eleman santral la nan konplèks Lwès Manhattan Brookfield la se pral yon plas piblik avèk yon jaden 0.8 ekta ki pral antoure ak 240,000 pye kare restoran ak magazen dechwa ak evènman piblik anime pandan tout ane a, enstalasyon atistik ak pis paten a glas Lig Nasyonal Hòki an (NHL) ap pwograme an pati. Pwolonjman High Line nan, ki pral relye nouvo Moynihan Train Hall la avèk plas Manhattan West la ak rès High Line nan, ap yon gwo ajoutman nan tout zòn nan, k ap fè li pi fasil ak pi agreyab pou pyeton yo antre nan katye a ak mache ladan".

Direktè Egzekitif ak Ko-Fondatè High Line nan Robert Hammond te deklare, "Nou anchante travay avèk biwo Gouvènè a ak Brookfield sou chans sa pou pi byen konekte rezidan yo, travayè yo, ak vizitè yo avèk espas piblik yo, enstitisyon kiltirèl yo, biznis yo, ak sant transpò esansyèl yo sou Bò Lwès Manhattan nan. Nou pa ka tann pou nou travay avèk Eta a ak vwazen nou yo pandan mwa k ap vini yo pou fè pwojè aksè piblik san parèy sa a vanse".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Pwolonjman High Line nan pou fè li rive lòt kote sou Bò Lwès la, sa gen ladan Moynihan Train Hall ki fèk ouvè a, kreye yon pasaj fasil ak san danje pou pyeton yo nan yon zòn ki gen anpil sikilasyon. Tèt ansanm sa a ant sektè piblik ak prive yo ap kontinye bay Bò Lwès la elan epi akselere kwasans ak devlopman ekonomik alontèm zòn nan".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)